

Ellva Khoiroh Agustina

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (ellvaagustin@yahoo.com)

Abstrak

Panliten ngenani rimbag {-e} wis akeh ditindakake dening para pamarсуди basa, nanging olehe ngrembug isih sarwa cethek, lan kurang cetha. Rimbag {-e} neng kene diandharake para ahli yen nduweni wujud, guna, lan kalungguhan. Ing sajroning panliti iki bakal diudhari ngenani rimbag {-e} kang arupa panambang {-e}. Rimbag {-e} kang wis diandharake ing para ahli yaiku mung winates ing titikan lan namung jinise. Kamangka rimbag {-e} nduweni wujud, guna lan kalungguhan. Mula saka kuwi, ing panliten iki bakal dirembug wujud, guna, lan kalungguhane rimbag {-e}.

Punjer saka panliten iki yaiku babagan rimbag {-e}, dene kang dadi undere prekara yaiku, (1) Kepriye wujud tembung kang mawa rimbag {-e};(2) Kepriye gunane tembung kang mawa rimbag {-e};? Lan (3) Kepriye kalungguhane tembung kang mawa rimbag {-e}? adhedhasar prekara kasebut, mula kang dadi tujuwane ing panliten iki yaiku kanggo ngandharake rimbag {-e}, mligine yaiku: (1) ngandharake wujud tembung kang mawa rimbag {-e};(2) ngandharake gunane tembung kang mawa rimbag {-e}, ngandharake kahanane tembung kang mawa rimbag {-e}.

Panliten ngenani wujud, guna, lan kalungguhane tembung kang mawa rimbag {-e} iki kagolong panliten kang asifat deskriptif. Teori kang digunakake yaiku triaspek sintaksik babagan wujud (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran). Dhata kang dinggo ing panliten iki yaiku rimbag {-e}. sumber dhatane arupa ukara kang nggunakake tembung rimbag {-e} kang dijupuk saka cecaturan saben dinane tiyang magetan mliginipun ing dusun Dukuh Desa Dukuh Kecamatan Lembeyan Kabupaten Magetan. Tata cara nglumpukake dhata yaiku nganggo metodhe dokumentasi lan metodhe semak. Tata cara ngolah dhata yaiku dilakoni kanthi tahap transkripsi dhata, verifikasi dhata, klasifikasi dhata, lan penafsiran dhata. Dene tata cara nulis asile panliten nggunakake cara kang formal lan non formal.

Wujud rimbag {-e} kuwi saka tembung sesulih, yaiku tembung kanggo ngganti wong katelu lan uga bisa pikantuk saka tembung kriya supaya bisa dadi ukara kang nuwuhake rimbag {-e}. Guna saka rimbag {-e} yaiku yaiku kaya jejer, wasesa, lesan, geganep lan katrangan. Kalungguhane rimbag {-e} bisa diperang dadi loro yaiku kriya tanduk lan kriya wantah.

Tembung Wigati : Wujud, guna, kalungguhan, rimbag {-e}

PURWAKA

Rimbag {-e} sajrone basa Jawa durung akeh kaandharake ing buku-buku basa Jawa. Buku-buku paramasastra Jawa kang bakune ngrembug babagan basa uga ora kabeh menahi andharan ngenani rimbag {-e} iki. Kaya ing buku *Tata Basa Jawa* dening Purwadi (2005), sajroning buku kasebut mung ing buku *Paramasastra Basa Jawa* dening Setiyanto (2007), *Paramasastra Basa Jawa* Antunsuhono (1953), *Paramasastra Gagag Anyar Basa Jawa* Sasangka (2008) Sajrone buku-buku paramasastra kasebut andharan ngenani panambang {-e} sithik banget.

Buku paramasasta Jawa kang ngandharake babagan panambang {-e} yaiku *Paramasastra Jawa* Padmosoekotjo (1986). Ing buku iki wis diandharake ngenani panambang {-e}, nanging, buku iki mung menahi conto ngenani panambang {-e}. Buku iki durung bisa menahi jlentrehan kanthi jembar ngenani prakara kasebut.

Sabenere wus akeh buku morfologi kang ngandharake ngenani rimbag ing Basa Jawa umume lan panambang {-e} ing basa Jawa mligine. Akeh-akehe ing buku morfologi iku wus kaandharake kanthi cetha apa

kang diarani panambang {-e} ing basa Jawa lan conto-contone. Kaya dene ing buku *kajian Morfologi Basa Jawa* Uhlenbeck (1982), nanging yen dijlimeti maneh, buku-buku kasebut mung ngrembug definisi ngenani panambang {-e} basa Jawa lan mandheg nang contone. Sajrone buku-buku kasebut durung ngambah ngenani panambang {-e} ngenani sipat lan maknane kanthi jangkep karo conto-contone.

Ana ing buku *Morfologi Basa Jawa* Poedjosoedarmo lkk. (1979), buku iki panambang {-e} basa Jawa wus diandharake kanthi jembar, nanging padha karo prakara ing ndhuwur, buku iki anggane njentrehake panambang {-e} basa Jawa uga ngandharake teka pamerange kanggo mangun tembung andhahane lingga karo conto-contone wae.

Anane pirang-pirang buku ing ndhuwur mau kang ora ana siji-sijia buku kang ngandharake ngenani panambang {-e} kanthi cetha tekan makna lan fungsi uga jinis lan sipate ndadekake prakara iki narik kawigaten. Kena ngapa para pamarсуди basa ora ana kang ngambah perangan kaya mangkono kuwi? Kamangka panambang {-e} basa Jawa iku nduweni pambada karo panambang liyane.

Salah sawijining pangrimbage tembung Basa Jawa yaiku sarana menahi panambang ing tembung linggane. Panambang ing Basa Jawa kang dadi punjere panliten iki mung ana siji, yaiku {-e}. Panambang {-e} bisa diarani panambang kanggo ngrimbag tembung ngoko lan kanggo mangun tembung andhahane lingga.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten iki yaiku: Punjere panliten iki ngrembug rimbag {-e}, dadi underaning prakara bisa diperang kaya ing ngisor iki: (1) Kepriye wujud tembung kang mawa rimbag {-e} sajrone ukara? (2) Kepriye gunane tembung kang mawa rimbag {-e} sajrone ukara? (3) Kepriye kalungguhane tembung kang mawa rimbag {-e} sajrone ukara?. Panliten iki diajab bisa menahi paedah yaiku: (1) Asile panliten iki arupa andharan babagan wujud, guna, lan kalungguhane rimbag {-e}. Panliten iki dikarepake bisa migunani tumrap ilmu basa, mligine basa Jawa. Paedah Praktise yaiku Panulis, bisa kanggo nambah wawasan lan kawruh babagan basa; Ilmu basa, bisa kanggo nambah lan ngrembakake ilmu basa lan kanggo *inventarisasi* supaya babagan wujud, guna, lan kalungguhane kriya tanduk bisa dienggo nganti tembe mburi; Mahasiswa, bisa kanggo nggampangake mahasiswa anggone nyinaoni basa lan bisa kanggo panutan yen ana panliten sabanjure; Dosen lan guru, bisa kanggo bandhingan bahan ajar lan kanggo sumbang sih ing panggulawentah lan pangrembakane materi olah basa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Ngenani Rimbag {-e}

Anane panliten sadurunge kasebut bisa kanggo tetandhingan klawan panliten iki. Bab kang beda saka panliten iki lan sadurunge yaiku punjer panlitene. Dene panliten sadurunge ngenani rimbag ing antarane yaiku kapisan, "*Wujud, Guna, lan Kalungguhane Kriya Tanduk*" dening Fitri Wijayanti (2013). Sajrone panliten iki diandharake jinise *diatesis tanduk* ing basa Jawa, ing antarane yaiku tanduk, tanggap, baliangga, lan tanggap tarung. Kriya tanduk kalebu ing *diatesis tanduk*. Ing panliten iki disuguhake dhata arupa ukara kang uga dianalisis wujud, guna lan kalungguhane.

Kapindhone yaiku saka buku *Paramasastra-djawi* dening Antunshono (1953:24) sajrone buku iki ngandharake ngenani *Rimbag bawa, Rimbag lingga andhahan, rimbag tembung tanggap* kang ana ing sajroning buku paramasastra-djawa antunshono. Ing sajroning buku kuwi ngandharake ngenani rimbag. Rimbag ing sajroning rimbag lingga andharan nang kene yaiku ngenani tembung kang wis dadi tembung andhahan, nanging dianggep kaya isih dadi tembung lingga amarga tembung isih kena diwenehi ater-ater, panambang, seselan, kaya saemper tembung lingga. Rimbag Bawa ana telu yaiku bawa kapi, bawa kami, lan bawa kuma. Sekabehane bisa diarani rimbag bawa amarga oleh ater-ater. Lan ing sajroning Rimbag Tembung Tanggap yaiku tembung lingga kang ntuk ater-ater: dak, kok (ko), lan di.

Bab kang mbedakake antarane panliten iki klawan panliten sadurunge yaiku munjer ing bab kang dirembug. Panliten iki minangka pangrembakane panliten ngenani

wujud, guna lan kalungguhane kriya tanduk lan rimbag sakliyane rimbag kang arep diandharake ing sajroning panliten iki. Panliten iki nliti ngenani wujud, guna lan kalungguhane rimbag {-e}. Purwadi (2005) njlentrehake Rimbag Lingga Andhahan, Rimbag Bawa, Rimbag Tembung Tanggap. Ing buku iki Rimbag {-e} durung dijlentrehake kanthi rowa.

Jinise Rimbag lan Rimbag {-e}

Rimbag

Yaiku salah sawijining pandhapuking tembung kanthi nuwuhake ater-ater, panambang lan seselan, ater-ater liyane kang kanggone mung tumrap ing tembung saatara, tembung camboran, tembung kang rinangkep. Salah sawijining pangrimbage tembung basa Jawa yaiku sarana menahi panambang ing tembung linggane. Panambang ing basa Jawa kang dadi punjere panliten iki mung ana siji, yaiku {-e}. Panambang {-e} bisa diarani panambang kanggo ngrimbag tembung ngoko lan kanggo mangun tembung andhahane lingga. Poerwadaminta (1953:51) ngandharake yen jinis rimbag ana telu; (a) linggane nganggo ditemplei ngarepe (ater-ater) kayata {a-} utawa {ma-}, {ang-} utawa {mang-}, lan {ka-} utawa {ke-}; (b) lingga nganggo ditemplei burine (panambang) kayata {-i}, {-ake}, {-an} lan {-en}; (c) Linggane nganggo diseseli (seselan) kayata {-um-}, {-i-} utawa {-r-} lan {-in}.

Kang dadi punjering panliten iki kang luwih unja ngandharake ngenani rimbag {-e}. gegayutane karo Rimbag {-e} yaiku amarga rimbag {-e} salah sawijining rerimbagan ing basa jawa.

Rimbag {-e}

Rimbag {-e} nduweni rong sipat kang teges lan gunane beda-beda. Sepisan, {-e} minangka klitik lan {-e} minangka wuwuhan /panambang. Rimbag {-e} kang kagolong klitik nduweni teges gegayutan karo tembung dheweke 'dia/ia' utawa tembung sesuluh purusa. Nanging nang panliten iki diandharake ngenane panambang {-e}.

Rimbag {-e} kuwi gunane kanggo nuduhake wong katelu. {-e} kuwi jarang banget digawe. Saben cecaturan ing saben dinane kang digunakake kayata wong iku, wong lanang iku, bocah iku, wadon iku, lan sapanunggalé. Rimbag {-e} kuwi tembung sesuluh wong katelu digunakake yen ana perlune wae, kayata kanggo njlentrehake utawa ngandharake (Purwadi, 2005:166).

Titikane Rimbag {-e}

Titikan kang cetha ngenani rimbag {-e} bisa dideleng saka telung bab, yaiku kapisan titikan morfologis, Titikan morfologis Rimbag {-e} kuwi tembung kaiket utawa ora bisa madek dhewe utawa morfeme kaiket, mula morfeme sesambungan karo sing diraketi. Panambang {-e} ing kene ora nduweni teges leksikal kang bisa madeg dhewe kaya dene tembung-tembung liyane. {-e} bisa nduweni teges yen wis didhapuk karo tembung kang diiket. Kapindho titikan sintaksis yaiku tembung bisa dadi guna jejer lan lesan ana ing sajroning ukara. Anane titikan sintaktis tembung rimbag {-e} kasebut bisa dideleng saka gunane minangka konstituen pandhamping wasesa, lan (3) titikan semantic

yaiku kanggo nuduhake darbene paraga katelu (poerwodarminta, 1953:44). Purwadi ngandharake yen pandarbe paraga katelu kuwi jarang banget digunakake ing sabendinane, yen digunakake kuwi minangka njlentrehake yen ana perlune wae (purwadi, 2005:166). Dadi tembung kang mawa rimbag {-e} kuwi kanggo nuduhake pandarbe wong katelu.

Triaspek Sintaksis kanggo Njlentrehake Tembung mawa Rimbag {-e}

Triaspek sintaksis kanggo njlentrehake rimbag {-e} ana telu, yaiku bakal diandharake ing ngisor.

Wujud Sintaktis

Wujud (*kategori*) sintaktis mujudake wujud konstituen ukara lamba utawa satuwan dhasare ukara (tembung) (Sudaryanto, 1991:70). Bab kasebut disengkuyung dening pamawase Wedhawati kang ngandharake yen wujud utawa kelas tembung ing tata basa tradhisional lumrah sinebut jinise tembung (Wedhawati, 2006:46). Verhaar uga ngandharake yen wujud utawa *kategori* sintaksis diarani arane tembung, kayata aran, kriya, kahanan, katrangan, ancer-ancer, lan sapiturute, lumrahe ditemtokake tembung mbaka tembung (Verhaar, 2010:170).

Antunsuhono (1953:47) merang jinise tembung dadi 9 jinis, yaiku (1) tembung kriya, (2) tembung aran, (3) tembung kaanan, (4) tembung katrangan, (5) tembung sesulih, (6) tembung wilangan, (7) tembung panggandheng, (8) tembung penyambung, lan (9) tembung panyeru. Padmosukotjo (1987:107) merang jinise tembung dadi 10 jinis, yaiku (1) tembung aran, (2) tembung kriya, (3) tembung watak utawa kaanan, (4) tembung katrangan, (5) tembung sesulih, (6) tembung wilangan, (7) tembung ancer-ancer, (8) tembung pangiket, (9) tembung panyilah, lan (10) tembung sabawa utawa pangungun.

Miturut tatabasa tradhisional, jinise tembung kaperang dadi sepuluh, ing antarane yaiku (1) tembung aran (nomina), (2) tembung kriya (verba), (3) tembung kahanan (adjectiva), (4) tembung sesulih (pronomina), (5) tembung wilangan (numeralia), (6) tembung katrangan (adverbia), (7) tembung panggandheng (conjunction), (8) tembung ancer-ancer (prepositio), (9) tembung panyilah (articula), lan (10) tembung panyeru (interjection) (Keraf, 1984:62-63). Bab kasebut disengkuyung dening Sasangka, yen jinise tembung ing basa Jawa dibedakake dadi sepuluh, yaiku tembung (1) aran, (2) kriya, (3) kahanan, (4) katrangan, (5) sesulih, (6) wilangan, (7) panggandheng, (8) ancer-ancer, (9) panyilah, lan (10) panyeru (Sasangka, 2011:108).

Ing panliten iki, rimbag {-e} diwujudke arupa tembung lingga lan tembung kahanan. Tembung lingga lan tembung andhahan kasebut diwujudake sarana menahi wuwuhan tumrap panambang {-e}. Mula saka kuwi, wujud saka tembung lingga lan andhahan yaiku tembung lingga tembung aran + {-e}, tembung lingga tembung kriya + {-e}, tembung lingga tembung kahanan + {-e}, tembung lingga tembung panggawe. Ana ing tembung andhahan wujud tembung andhahan tembung

aran, tembung andhahan tembung kriya, lan tembung andhahan tembung kahanan.

Guna Sintaktis

Guna (*fungsi*) sintaktis mujudake tetembungan kanggo nyebut salah sawijine aspek konstituen sajrone ukara, kayata jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan (Sudaryanto, 1991:126). Pamawas kasebut disengkuyung dening Wedhawati kang uga ngandharake yen guna sintaktis kaperang saka jejer (J), wasesa (W), lesan (L), geganep (G), lan katrangan (K) (Wedhawati, 2006:49).

Verhaar uga nduweni pamawas yen guna utawa *fungsi* sintaksis mujudake konstituen kang formal, ora kaiket unsur semantik tartamtu (nanging salah sijine minangka *argumen* ing tembung kriya), uga ora kaiket unsur kategorial tartamtu (nanging arwujud tembung aran, nduweni *markah* kanthi tembung ancer-ancer, utawa tanpa *pemarkahan*) (Verhaar, 2010:165). Ing Basa Jawa, ana limang guna sintaktis, yaiku jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan. Ing sawijine ukara basa Jawa, limang guna sintaktis kasebut ora kudu ana. Sawijine ukara paling ora kadhapuk saka jejer lan wasesa. Anane konstituen liyane ditemtokake konstituen kang ngisi guna wasesa. Guna wasesa nduweni kalungguhan kang luwih gedhe tinimbang guna liyane, mula saka kuwi wasesa dianggep minangka punjer. Guna konstituen liyane yaiku minangka konstituen pandhampinge.

Guna wasesa minangka punjere konstituen mula kudu ana ing sawijine ukara. Miturut Subagyo (2009:37), wasesa yaiku sakabehing tembung utawa gatra kang ngandharake jejer ing bab pakaryan, solah, obah, tandhang, kahanan, sipat, utawa wewujudane, lsp (Subagyo, 2009:37).

Guna jejer minangka guna inti sawijine ukara kang kalebu pandhampinge wasesa. Miturut Subagyo (2009), jejer iku praboting ukara, kang diandharake, kang digunem, kang dicritakake kepriye kahanane, lan mobah mosike. Guna lesan uga dadi sawijine pandhampinge wasesa kang mapane ana ing sisih tengene wasesa. Subagyo ngandharake yen tegese lesan yaikusamubarang kang diles dening paraga jejer, saengga lesan iku kudu kedadeyan saka samubarang kang bisa madeg dhewe, yaiku tembung aran utawa tembung sesulih (Subagyo, 2009:43).

Kalungguhan Sintaktis

Kalungguhan (*peran*) sintaksis mujudake bab kang ngisi guna utawa bisa diarani *pengisi* kang asipat semantis utawa kang negesi (Sudaryanto, 1991:67). Miturut Wedhawati (2006:50) kalungguhan sintaktis mujudake konsep semantik-sintaktis kang gegayutan klawan makna sajrone struktur sintaktis utawa sesambungan antarane wasesa lan konstituen minangka sawijine *proposisi*. Verhaar menahi pamawas yen kalungguhan utawa *peran* sintaksis mujudake teges saka sawijine *argumen* ing tembung kriya (Verhaar, 2010:167).

Adhedhasar kalungguhane rimbag {-e} diperang dadi loro, yaiku tembung kriya tanduk lan kriya tanggap.

Punjere konstituen mesthi nduweni konstituen pandhamping. Kalungguhan punjere konstituen uga nduweni kalungguhan konstituen pandhamping. Kalungguhan konstituen ing wasesa tembung kriya uga maneka warna.

Kridalaksana (1986:4-6) ngandharake yen kalungguhan-kalungguhan iku bisa diperang dadi 19, ing antarane yaiku, pananggap, paraga, tokoh, pokok, *ciri*, pasien, sasaran, asil, peruntung (*pemeroleh*), ukuran, piranti, panggonan, sumber, *jangkauan*, cara, *peserta*, *arah*, wektu, lan asal.

Sudaryanto (1991:151-153) ngandharake kalungguhan konstituen pandhamping sajrone ukara ing antarane yaiku, paraga (agentif), sasaran (objektif), reseptif, benefaktif, faktor, target, lokatif, kompanional, piranti (instrumental), wektu (temporal), lan metodikal. Miturut Wedhawati (2006:519-524), kalungguhan kang disandhang dening konstituen kang awasesa tembung kriya, yaiku: (1) Paraga utawa agentif (2) Pengalaman, (3) Faktor, (4) pasien/ penderita, Panyerta, (6) Paraga-pasien, (7) Paraga-penyerta, (8) Asil, (9) Peruntung, (10)Tujuwan (11) Papan/ panggonan, (12) Piranti, (13) Asal.

Teori Transformasi Generatif

Teori *gramatika transformasi* atau *transformasi generatif* sepisanan diandharake dening Chomsky ing buku “Syntactic Structures” (1957). Gramatika nyakup tataran-tataran tradhisional, yaiku sintaksis, morfologi, lan fonologi. Sintaksis ngrembug sesambungan gramatikal antarane tembung lan sajrone tembung; dene morfologi dirembug bebarengan klawan perangan-perangan liya saka sintaksis.

Chomsky ngandharake telung *postulat* kang diarani *postulat* Chomsky. Postulat kapisan yaiku bedane *competence* lan *performance*, antarane dhata warisan lan seserapan ngenani basa lan kabisan anggone nggunakake Basa. Kapindho yaiku bedane *struktur* batin (*deep structure*) lan *struktur* lair (*surface structure*). Bedane *struktur* batin lan lair iki ngasilake tata carane tata basa kang dhasare saka telung *komponen*, yaiku *komponen* sintaktis, fonologis, lan semantik. Katelu yaiku aspek kreatipe basa utawa kang diarani sipat dhinamisme basa. Ing *postulat* kapindho iki ngasilake *komponen* transformasi kanggo mujudake cara kerjane teori iki (Parera, 1991:87).

Saka *postulate* Chomsky iki nuwuhake asumsi teori transformasi generatif. Sajrone transformasi generatif, ana pamawas yen sintaksis munjer marang tuturan kang bisa ditampa dening panca ndriyane manungsa minangka struktur lair (*surface structure*) kang lelandhesan struktur batin (*deep structure*) kang ngandhut sesambungan semantis lan *sistemik*. Mula struktur lair dianalisis adhedhasar aspek kalungguhan lan aspek guna sarta aspek wujud (Adiptojo, 2013:8). Telung aspek kasebut bisa diarani triaspek sintaktis.

Cara kerjane teori transformasi generatif iki diarani triaspek sintaktis. Triaspek sintaktis kadhapuk saka telung aspek, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Aspek kalungguhan mujudake aspek ruh, jiwa, utawa batine ukara kang digunakake kanggo njlentrehake struktur batin, aspek wujud mujudake aspek awak, raga,

utawa laire ukara kanggo pawujudane struktur batin, dene aspek guna mujudake papan kosong kang kudu diseni konstituen-konstituen ukara.

METODE

Ing bab iki ngandharake ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, basa kang diteliti, lan metodhe sarta teknik panliten sajrone panliten rimbag {-e}.

Ancangan Panliten

Saben panliten mesti nggunakake metodhe panliten kanggo nggayuh tujuwan kang wis dirumusake. Mula saka iku luwih dhisik kudu ngliwati tahap pangumpulan dhata, analisis dhata, lan pungkasane ndudut sawijining simpulan. Supaya luwih bisa njlimeti panliten iki mula dibutuhake anane metodhe lan teknik panliten. Panliten iki kagolong panliten linguistik asipat deskriptif.

Panliten deskriptif minangka panliten kang nuduhake anane *fakta-fakta* ing lapangan kang gegayutan kalawan panliten iki. Panliten deskriptif iku nitingi utawa nganalisis *fakta-fakta* kanthi nganakake *observasi* langsung.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata ing panliten iki yaiku ukara kang ngandhut tembung kang mawa rimbag {-e} kang dijupuk cecaturane masyarakat sakiwa tengene masyarakat ana ing RT 01 RW 01 Dusun Dukuh Desa Dukuh Kecamatan Lembeyan Kabupaten Magetan. Dene dhata kang dienggo sajrone panliten iki yaiku rimbag {-e}.

Instrumen

Instrumen panliten iki yaikupanliti dhewe yaiku catetan. Instrumen kasebut dipilih adhedhasar sipat/jinis lan akehe dhata kang digunakake kanggo ngudhari undere panliten. Dhata sajrone panliten iki Tembung-tembung kang mawa rimbag {-e} kang ana ing ukara ukara kang dijupuk saka cecaturan tiyang RT 01 RW 01 Dusun Dukuh Desa Dukuh Kecamatan Lembeyan Kabupaten Magetan. Dhata kasebut dikumpulake kanthi nggunakake metodhe simak. Ing panliten iki, panliti minangka instrumen utama dene instrumen panyengkuyung kang dienggo yaiku pedhoman dokumentasi utawa *cek-list*, lan alat tulis.

Metodhe lan Teknik Panliten

Kaya dene panliten basa umume, panliten iki ngunakakemetodhe lan teknik. Metodhe lan teknik ana ing panliten iki ana telung cara, yaiku: (1) Carane ngumpulake dhata; (2) Carane ngolah dhata (analisis dhata); lan (3) Carane nulis asiling panliten (Sudaryanto, 1993:5). Saben cara iku nduweni metodhe lan teknik dhewe-dhewe. Metodhe lan teknik panliten saben tahapan bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Panglumpukan dhata ing panliten iki dianakake kanthi metodhe simak lan cakap (Sudaryanto, 1998:2-9). Metodhe simak yaiku nyimak panganggone basa. Metodhe cakap arupa pirembugan antarane panliti karo pamicara minangka penutur.

Metodhe simak dianakake kanthi nggunakake teknik, yaiku (1) teknik sadap, (2) teknik simak libat cakap, (3) simak bebas libat cakap, (4) rekam lan catet (Sudaryanto, 1988:2-9). Teknik sadhap yaiku nyimak kang diwujudake kanthi cara nyadhap tuturane pamicara. Teknik simak bebas libat cakap yaiku panliti ora melu sajrone pirembugan. Teknik ngrekam apa kang dituturake pamicara kanthi alat tape recorder tartamtu lan kanthi syarat ora ngganggu lumrahe proses gagiyatan wicara. Teknik cathet yaiku nyathet ing sawijine kartu dhata transkrip.

Metodhe cakap dianakake kanthi nggunakake teknik, yaiku (1) teknik pancing, (2) cakap semuka, (3) cakap tak semuka, lan (4) rekam lan cathet. Teknik pancing yaiku panliti mincing sawijine utawa saperangan pawongansupaya micara. Cakap semuka yaiku panliti mincing sawijine pawongan supaya nganakake pirembugan langsung lan kaarahake kanggo nggolek dhata saakeh-akehe. Pawongan kasebut lumprahe diarani imforman. Cakap tak semuka yaiku panliti mincing sawijine utawa saperangan pawongan supaya nganakake pirembugan tak semuka, nanging kanthi tinulis. Teknik kasebut yen ing ilmu social diarani kuesionar utawa respondensi (Sudaryanto, 1988:7-9).

Tata Cara Ngolah Dhata

Tata cara ngolah dhata ing panliten iki diperang-perang dadi papat, yaiku *transkripsi* dhata, *verifikasi* dhata, *kalisikasi* dhata, lan *penafsiran* dhata. Sabanjure bakal diandharake siji mbaka siji kaya ing ngisor iki.

Tahap *Transkripsi* Dhata

Tahap *transkripsi* dhata iki gegayutan karo nulis sakabehe dhata kang wis dikumpulake. Dhata-dhata kang diolehi kanthi metodhe semak lan dokumentasi ing kene ditulis apa anane. Dhata kasebut ditulis ing dluwang. Tujuan *transkripsi* dhata iki kanggo meruhi sepira akehe dhata kang wis diklumpukake lan kepriye wujud dhata kasebut.

Tahap *Verifikasi* Dhata

Dhata-dhata kang wis *ditranskrip* sajrone panliten iki banjur dipilih kanthi tliti lan digathukake karo unsur-unsur kang dadi punjere panliten. Dhata-dhata kang mujudake rimbag {-e} ditliti maneh supaya luwih pener lan bener, sarta laras klawan apa kang dadi underane panliten.

Tahap *Klasifikasi* Dhata

Sawise nglaksanakake tahap *transkripsi* lan *verifikasi* dhata, sabanjure dibacutake tahap *klasifikasi* dhata. Dhata arupa ukara kang nggunakake rimbag {e} kang wis dipilih sajrone tahap *verifikasi* dhata sabanjure *diklasifikasi* utawa digolongake miturut wujud, gunane, lan kalungguhane rimbag {-e}.

Tahap *Penafsiran* Dhata

Penafsiran dhata iku minangka tahap pungkasan sajrone ngolah dhata. Tahap iki uga bisa ditegesi minangka asil pungkasan sajrone proses panliten. *Penafsiran* dhata tumrap rimbag {-e} iki nuduhake wujud, guna, lan kalungguhane. Sajrone nafsirake dhata ing panliten iki digunakake teknik *Bagi Unsur Langsung* (BUL). Cara kang digunakake nalika wiwitane analisis sajrone teknik BUL yaiku satuwan kabasan dhata

panliten diperang dadi pirang-pirang perangan utawa unsur, lan unsur-unsur kang gegayutan minangka perangan kang mangun satuwan kabasan kang dimaksud (Sudaryanto, 1993:31).

Tata Cara Nulis Asil Panliten

Sakabehe dhata kang wis diolah sajrone panliten iki yaiku arupa rimbag {-e}. Tata cara nulis asile panliten iki nuduhake upaya nyuguhake asile analisis dhata kang awujud laporan ngenani apa wae kang diasilake sajrone panliten. Tata cara nulis asile panliten ing kene yaiku kanthi cara informal lan formal. Metodhe kanggo nulis asile panliten kanthi cara informal yaiku nyuguhake asil panliten kanthi tembung-tembung kang lumrah; dene cara formal yaiku nyuguhake asile panliten kanthi tandha lan pralambang, dene tuladhane pralambang ing antarane bisa arupa pralambang aksara minangka akronim (J, W, L, K) (Sudaryanto, 1993:145).

Asiling panliten iki ditulis sawise panliti nglumpukake lan ngolah dhata, asiling panliten ing panliten iki kaperang dadi lima, yaiku: bab I minangka purwaka, ing purwaka diandharake ngenani lelandhesan lan punjere panliten. Saliyane iku, uga diandharake ancas, paedah, wewatese tetembungan, lan wewatese panliten, bab II minangka titingan kapustakan, ing bab iki diandharake panliten sadurunge ngenani wujud, guna lan kalungguhan lan kajian kang digunakake, lan wangsulan teoritis tumrap perkara kang diandharake utawa teori kang digunakake, bab III ngenani metodhe panaliten, ing bab iki diandharake ancangan panliten, sumber data lan data, instrumen, lan metode sarta teknik panliten, bab IV diandharake andharan lan asil panliten, lam ing bab V diandharake dudutan lan pamrayoga tumrap panliten kang wus ditindakake.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ing bakal ngandharake ngenani panliten panambang {-e} kang rinaket utawa sumambung marang tembung lingga (TL) lan tembung andhahan (TA). Tembung lingga iku isih diperang miturut jinise dadi papat, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung panggawe. Dene tembung andhahan, miturut jinise uga kaperang dadi telu, yaiku tembung aran, tembung kriya lan tembung andhahan. Kanggo luwih jelase bakal kaandharake ing ngisor iki.

Andharane Dhata Panliten

Andharan iki ngenani panambang {-e} kang rinaket marang tembung-tembung lingga lan andhahan. Dhata-dhatane bakal diandharake kanthi adhedhasar wujud, guna lan kalungguhane.

Panambang {-e} Rinaket ing Tembung Lingga

Kaya kang wis diandharake mau, panambang {-e} rinaket ana ing tembung lingga. Rinakete ing tembung lingga jalaran bisa kanggo nyatakake, nuduhake samubarang kaya kang dikarepake sajrone ukara. Adhedhasar jinise tembung lingga bisa kaperang dadi patang (4) tembung, ing antarane yaiku tembung aran (TA_r), tembung kriya (TK_r), tembung kahanan (TK_h) lan tembung panggawe (TP_g). Kanggo luwih cethane kepriye

panambang {-e} rinaket sajrone kapapat jinise tembung kasebut, bakal diandharake ing ngisor miturut jinise tembung.

Tembung Lingga Tembung Aran + {-e}

Saben-saben tembung andhahan kedadeyan saka tembung lingga. Tegese, sadurunge dadi tembung andhahan, proses kang kawitan mesthi wujud tembung lingga. Saliyane tembung andhahan, tembung-tembung kasebut uga bisa kawuwuhan panambang {-e}. Ing kene, kang bakal diandharake yaiku tembung aran kang kawuwuhan panambang {-e}. Gatekna ukara ing ngisor iki.

(1) Sikile ndang diresiki!

TSES	GKr
J	W
Pasien	tanggap

(2) Ibu seneng klambine bapak

TS	TKh	GSES
J	W	L
Paraga	kahanan	pasien

Dhata (1-2) iku kasusun saka konstituen-konstituene, ing antarane dhata (1) kasusun saka rong konstituen. Dene dhata (2) kasusun saka telung konstituen. Konstituen inti saben-saben dhata (1-2) yaiku “ndang diresiki”; “seneng”. Dene konstituen pendamping ing saben-saben dhata yaiku “sikile”; “ibu lan klambine bapak. Adhedhasar konstituene, tembung kang antuk panambang {-e} minangka konstituen pendamping. Dhata ing ndhuwur mujudake dhata saka panambang {-e} kang rinaket marang tembung lingga. Saka dhata (1) – (2) tembung lingga kang antuk panambang {-e} yaiku sikil, klambi. Adhedhasar wujud, dhata (1) – (2) wujud tembung aran senajan ta ing dhata (2) arupa gatra aran.

Tembung aran kang antuk panambang {-e} kasebut nuduhake kaduwekane sawijine paraga kang ora bisa dingerteni sajrone ukara kasebut. Senajan ta kaya mangkono, iku bisa sinebut kanthi tembung sesulih pratama purusa. Dadi, tembung lingga kang wujud tembung aran nalika antuk panambang{-e} bisa ganti wujud dadi tembung sesulih. Dene adhedhasar gunane, tembung sesulih kasebut ing dhata (1) - (2) arupa jejer (1) lan lesan (2) . Kanthi gunane ana kang dadi jejer lan lesan, nduweni teges tembung sesulih kasebut bisa manggon neng kalorne guna kasebut. Dene kalungguhane tembung kasebut ing dhata (1)- (2) yaiku, pasientif (1), pasientif (2).

Adhedhasar wujud, guna lan kalungguhane kaya kang wis diandharake ing ndhuwur bisa kadudut dene TAR kang antuk panambang {-e} bisa malih wujud dadi TSES kang nuduhake kaduwekane paraga. Kanthi adhedhasar kasebut, njalari gunane tembung kasebut dadi jejer lan lesan. Dene kalungguhane, uga padha wae yaiku pasientif. Anane tembung sikile (1), klambine (2), ora bisa kalungguhane dadi paraga utawa agentif jalaran TAR kang antuk panambang {-e} kasebut owah dadi TSES. Senajan ta kaya mangkono, TSES iku isih bisa dadi guna

jejer utawa lesan. Tegese, TSES bisa manggon neng jejer lan lesan kang kalungguhane dadi pasientif.

Andharan ing ndhuwur iku bisa beda yen ta struktur ukarane ing dhata (1-2) diowahi. Pambedane iku jalaran ana owah-owahan saka struktur ukarane. Kanggo luwih cethane bakal kaandharake ing ngisor iki.

a. Aris ngresiki sikile.

TSES	TKr	TSES
J	W	L
Paraga	tanduk	pasientif

a. Klambine bapak apik.

GSES	TKh
J	W
Faktor	kahanan

Dhata-dhata ing ndhuwur dudu dhata asli, nanging dhata turunan saka dhata (1-2) ing ndhuwur. Anane dhata turunan iki kanggo nyethakake kepriye wujud, guna, lan kalungguhane konstituen panambang {-e} yen ta ing dhata (1-2) strukture diowahi kaya dene ing dhata turunan (a-a). dhata-dhata turunan kasebut nduweni konstituen kang beda karo dhata asline. Dhata turunan ing (a) kasusun saka telung konstituen. Dene ing dhata (a) nduweni konstituen mung loro. Konstituen pusate ing dhata turunan kasebut yaiku ngresiki, apik. Dene konstituen pendhamping yaiku, Aris lan sikile, klambine bapak. Adhedhasar konstituene, tembung kang antuk panambang {-e} minangka konstituen pendhamping. Bab kasebut tegese, ora ana bedane karo struktur dhata utamane.

Adhedhasar wujud, dhata (a) tembung sikile wujud tembung TSES. Tegese iku padha wae karo wujud dhata utama ing dhata (1-2). Adhedhasar guna lan kalungguhane, dhata turunan ing (1a) lan (2a) ora ana siji-sijia sing padha adhedhasar gunane, nanging adhedhasar kalungguhane isih ana sing padha yaiku ing dhata (a). Bab kasebut tegese, struktur ukara iku ndayani anane pambada ing guna lan kalungguhan kanggo TAR kang rinaket kelawan panambang {-e}.

Tembung Lingga Tembung Kriya + {-e}

Tembung kriya biyasane dumadi saka anane proses morfologis saka anane kawuwuhan ater-ater, anuswara, apa dene panambang. Bab iki, kasunyatan ora mesthi tembung kriya dumadi saka anane proses morfologis kasebut, nanging wis dumadi kaya dene wujud asline utawa wujud linggane kang sinebut tembung lingga kriya. Contone, turu, mangan, lunga. Kang sakabehane tembung lingga kriya kasebut nuduhake kegiyatane jejere ukara. Dene ing ngisor iki bakal diandharake ngenani tembung lingga kriya kang antuk panambang {-e}.

Turune bapak angler

GAr	TKh
J	W
Paraga	kahanan

Dhata-dhata ing ndhuwur kasusun saka konstituen pusat lan konstituen pendhamping. Ing dhata, kasusun

saka rong konstituen kang konstituen pusate angler lan konstituen pendhampinge turune bapak. Adhedhasar andharan kasebut, TL TKr kang rinaket panambang {-e} manggon ana ing konstituen pendhamping.

Dhata ing ndhuwur, tembung turune saka tembung lingga kriya turu. Kanthi anane panambang {-e}, iku ngowahi wujud tembung lingga kriya malih dadi TAr. Anane malihe tembung kasebut jalaran saka anane akibat anane proses morfologise tembung kasebut. Akibat kang dikarepake yaiku, anane {-e} kang njalari sakabehane tembung lingga kriya malih dadi TAr.

Adhedhasar gunane, TAr ing dhata ndhuwur minangka guna jejer. Ora dadi guna lesan apa dene panggenah. Bab kasebut dijalari kanthi sifate panambang {-e} kang dadi sesuluh pratama purusa. Kanthi kaya mangkono, sakabehane TAr kanthi anane owah-owahan saka TL kriya + {-e} dadi guna jejer ing saben-saben ukara. Dene katitik saka kalungguhane, TAr ing dhata kuwi bisa dibedakake dadi rong jinis kalungguhan, yaiku kalungguhan paraga lan faktor. Kalungguhan paraga tegese jejer minangka pelaku saka wasesane utawa kegiatan sing ditindakake.

Sakwise kaandharake dhata-dhata kasebut, kanggo mbandhingake asile supaya cetha antarane struktur ing dhata utama kasebut, mula ing ngisor bakal ana dhata turunan. Gunane dhata turunan iki ana kanggo mbandhingake lan ngerteni apa ana bedane antarane struktur siji lan sijine. Ing ngisor iki bakal diwenehi dhata turunan saka dhata utama.

a. bapak angler sarene

TSes	TKh	TAr
J	W	panggenah
Paraga kahanan pasientif		

Saka dhata turunan ing ndhuwur, dhata (a) uga nduweni konstituen pusat angler lan konstituen pendhampinge bapak lan turune. Adhedhasar andharan kasebut, ateges beda karo struktur ing ndhuwur yaiku manggon ing konstituen pendhamping. Adhedhasar wujud, antarane dhata utama lan dhata turunan ora ana bedane. Dhata utama kang kabandhingake gunane guna jejer malih dadi guna panggenah (a). Nalikane guna ing tembung kasebut owah, iku uga njalari owah kalungguhane. Iku bisa kabuktekake kanthi bedane kalungguhan ing dhata utama kelawan turunan, senajan ta ing guna ana sing padha, nanging adhedhasar kalungguhane uga beda. Dhata utama kang kabedakake kalungguhane minangka paraga. Dene ing dhata turunan (a) kalungguhane minangka pasientif, faktor, pasientif, lan paraga. Adhedhasar kasebut, bisa kadudut yen ta struktur iku ndayani tumrap guna lan kalungguhane tembung ing ukara.

Tembung Lingga Tembung Kahanan + {-e}

Saliyane tembung aran lan tembung kriya, jinise tembung ana kang jenenge tembung kahanan. Tembung kahanan iki nyatakake sawijine kahanan kang dirasakake utawa kang kedadeyan karo guna jejere. Kanggo ngerteni kepriye tembung kahanan kang antuk panambang {-e}, gatekna andharan ing ngisor iki.

a. Lesune ora bisa diempet

TAr	GKr
J	W
Faktor	tanggap

b. Nesune ngluwihi pejabat

TAr	TKr	TSes
J	W	L
Faktor	tanduk	asil

Dhata (a), tembung lesune saka tembung lingga lesu + {-e}, mula dadi lesune. Tembung lingga kahanan “lesu”, nalika antuk panambang {-e} owah dadi tembung aran. Anane owah-owahan jinise tembung kasebut jalaran sipate panambang {-e} kang nuduhake tembung sesuluh pratama purusa. Mula saka iku, tembung lingga kahanan bisa owah dadi tembung aran. Bab kasebut uga dialami dening dhata-dhata liyane kaya ing dhata a lan b yaiku lesu lan kang malih dadi lesune lan nesune. kalungguhane tembung-tembung kasebut, TAr kang ana sajroning dhata kasebut minangka kalungguhan faktor. Anane manggon minangka kalungguhan faktor jalaran TAr kasebut nuduhake sawijine proses. Proses kang dikarepake kaya dene lesu lan nesu. iku mesthi sadurunge iku nduweni kahanan kang ora padha karo kang wis sinebutake. Mula saka iku, kalungguhane TAr ing dhata ing ndhuwur minangka faktor.

Dhata kasebut miturut wujud, guna lan kalungguhane sakwise diandharake kaya kang kasebut. Miturut strukture, menawa diowahi mesthie uga nduweni guna lan kalungguhan kang beda kaya dene ing sub bab sadurunge. Kanggo mbandhingake kepriye bedane ing gua lan kalungguhane bakal diandharake ing ngisor iki.

aa. Rina ora bisa ngempet lesune

TSes	GKr	TAr
J	W	L
Paraga	tanduk	pasientif

bb. Sarni mumbul nesune

TSes	TK	TAr
J	W	L
Paraga kahanan pasientif		

Adhedhasar dhata turunan ing ndhuwur, wujud tembung ora ana bedane ing dhata (a lan b) kang tembung lesune, nesune lan dhata (aa-bb) kang kapindho Adhedhasar gunane, ing dhata kanthi guna jejer, ing dhata turunan dhata kang kapindho (a-b)owah dadi guna lesan. Dadi ing dhata (a-b) kanthi kalungguhan faktor owah dadi kalungguhan pasientif (aa-bb). Anane owah wujud, guna lan kalungguhan nambahi temuan ing panliten iki. Temuane yaiku wujud bisa uga owah. Tegese struktur ukara bisa njalari owah wujud, guna lan kalungguhane tembung lingga kang rinaket panambang {-e}.

Tembung Lingga Tembung Panggawe + {-e}

Jinise tembung lingga sabanjure yaiku tembung lingga tembung panggawe (TL TPg). TL TPg iki minangka salah sawijine tembung kang mujudake tembung kanggo nuduhake sawijine alesan tumrap jejere

ukara. Kanggo luwih cethane bakal kaandharake ing ngisor iki.

Aku lara, mulane ora mlebu kuliyah

Tses TKr	GKr
J W	panggenah
Paraga kahanan alasane	

Aku mari tiba, mergane jubine lunyu

Tses GKk	GKr
J W	panggenah
Paraga kahanan alasane	

Aku ora bakal nesu, upamane awakmu ora nggarai

Tses	GKh	GKr
J	W	panggenah
Paraga kahanan syarat		

Dhata kang kapisan kasusun saka 3 konstituen, rong konstituen minangka tembung lan kang sakkonstituen minangka gatra. Dene ing dhata kapindho, uga kasusun telung konstituen. Kang mbedakake karo dhata kapisan, konstituen tembung ana siji lan konstituen gatrane ana 2. Dene ing dhata telu iku padha karo dhata kapindho kang kasusun saka telung konstituen, konstituen tembung siji lan konstituen gatrane ana loro.

Miturut wujud tembung, TL TPg iki wujud tembung panggandheng. Tegese yaiku tembung kanggo nggandhengake tembung siji lan sijine supaya gathuk lan dadi ukara kang trep. Kaya dene ing dhata kapisan, TL TPg yaiku “mulane” kang nduweni tembung lingga mula, jalaran antuk panambang {-e} malih dadi mulane. Tembung mulane iki wujud ora owah saka tembung linggane. Tegese senajan ta kawuwuhan panambang {-e}, tetep dadi tembung panggandheng. Semono uga karo ing dhata (kapindho lan katelu), “mergane” {amarga + -e} lan “upamane” {upama + -e}. Tembung-tembung panggandheng kasebut ana sajrone dhata (16- 18) jalaran kanggo nggandhengake ukara siji lan sijine supaya ukara kasebut bisa luwih jelas. Manggone ukara kang oleh tembung panggandheng kasebut sakwise ukara utamane. Cethane, tembung panggandheng bakal tuwuh yen ta ana ing ukara camboran.

Adhedhasar gunane, TL TPg iku minangka panggenah. Kaya kang wis kaandharake kasebut, tembung panggandheng iku kanggo nggandhengake ukara siji lan sijine supaya ukara kasebut bisa luwih cetha. Tembung mulane, mergane, lan upamane iki kanggo nggandhengake ukara sabanjure kang gunane kanggo nuduhake apa kang sejatine dumadi ing ukara sadurunge. Kanthi cara kang kaya mangkono mau, bisa cetha lan jelas apa karepe ukara kasebut.

Adhedhasar kalungguhane, gatra kriya kang ngemot TL TPg ing dhata kabeh kasebut minangka panggenah (ing dhata kapisan lan kapindho) lan syarat (dhata katelu). Bedane kalungguhan saka tembung-tembung kasebut jalaran saka isine dhata antara sekabehane nduweni tujuwan kang beda. Ing dhata kapisan, kalungguhane minangka panggenah jalaran kanggo nggenahake yen ta paraga kang kahanane lagi lara, banjur digenahake karo ukara sabanjure kang

nuduhake paraga ora mlebu kuliyah. Ing dhata kapindho, kalungguhane minangka panggenah uga kanggo nggenahake kedadeyan sadurunge kang wis dumadi. Kedadeyan kasebut yaiku paraga nandang tiba, banjur digenahake alasane kena apa kok nganti bisa tiba. Anggone nggenahake iku mau nganggo tembung panggandheng arupa {amarga + -e} “amargane”. Beda karo dhata kasebut, ing dhata katelu tembung panggandheng “upamane” kang manggon ana ing gatra kriya kasebut kalungguhane minangka syarat. Kang dikarepake yaiku, tembung kasebut tuwuh jalaran kanggo syarat supaya kedadeyan ing ukara kapisan ora bakal dumadi. Mula saka iku dituwuhake maneh ukara sabanjure kanthi digandhengake nganggo tembung panggandheng “upamane”.

Panambang {-e} Rinaket ing Tembung Andhahan

Dene sadurunge ana tembung lingga minangka tembung kang ndhasari sakabehane tembung, banjur uga ana tembung lingga kang wis karimbag kanthi jeneng tembung andhahan. Tembung-tembung lingga kang wis karimbag iki bisa wae oleh ater-ater, panambang, seselan lan liya-liyane. Kang dadi punjere andharan ing kene ana telu yaiku tembung andhahan tembung aran, tembung andhahan tembung kriya, lan tembung andhahan tembung kahanan kang antuk panambang {-e}. kanggo luwih cethane bakal kaandharake siji mbaka ing ngisor iki.

Tembung Andhahan Tembung Aran + {-e}

Dhata-dhata ing ngisor iki bakal diandharake kanggo ngerteni wujud, guna lan kalungguhane. Dhata-dhata kasebut, adhedhasar saka jinise tembung andhahan tembung aran kang antuk panambang {-e}. Andharan ngenani tembung andhahan tembung aran iki kanggo mbandingake kelawan tembung lingga tembung aran. Kanthi kaya mangkono, bakal luwih jelas apa beda lan padhane antarane jinise tembung kasebut nalika antuk panambang lan ora. Kanggo luwih cethane, gatekna ukara-ukara ing ngisor iki.

(19) Kelurahane tutup saben dina Setu lan Minggu.

Tses	TKh	Gar
J	W	panggenah

Pasientifkahanan temporal

(20) Kecamatane mentas kobongan.

Tses	GKr
J	W

Pasientifkahanan

Beda kelawan dhata sadurunge, ing tembung andhahan tembung aran (TAn TAr) wujud tembung kang rumaket marang {-e} dudu TL, nanging tembung andhahan. Tembung andhahan iku tembung kang wis oleh wuwuhan. Kaya dene ing tembung kelurahane (19), saka TL lurah oleh {ka-} lan {-e}. semono uga karo kecamatane (20), oleh {ka-} lan {-e}. Dhata (19) nduweni telung konstituen kang pusate ana ing tutup lan konstituen pendhampinge kelurahane lan saben dina Setu lan Minggu. Dene ing dhata (20) dumadi saka rong konstituen kang konstituen pusate ana ing mentas kobongan lan konstituen pendhampinge kecamatan.

Linggane tembung loro kasebut wujud tembung aran, nanging sakwise oleh wuwuhan ngalami owah-owahan dadi tembung sesulih. Anane owah-owahan kasebut gara-garane uga oleh {-e}, kang nduweni sipat kanggo nyulih paraga utawa jejere. Manut wujud tembung, ana ing guna tembung kang rinaket {-e} kasebut nduweni guna jejer. Semono uga ing dhata (20) uga nduweni guna jejer. Dene adhedhasar kalungguhane, dhata (19 lan 20) pada-padha manggon ana ing kalungguhan pasientif.

Tembung Andhahan Tembung Kriya + {-e}

Dhata-dhata ing ngisor iki bakal diandharake kanggo ngerteni wujud, guna lan kalungguhane. Dhata-dhata kasebut, adhedhasar saka jinise tembung andhahan tembung kriya kang oleh panambang {-e}. Andharan ngenani tembung andhahan tembung kriya iki kanggo mbandingake kelawan tembung lingga tembung kriya. Kanthi kaya mangkono, bakal luwih jelas apa beda lan padhane antarane jinise tembung kasebut nalika antuk panambang lan ora. Kanggo luwih cethane, gatekna ukara-ukara iki.

Aku wis ngongkon Firman supaya nggolekake obat.

TSes	GKr	TSes	GKr
J	W	L	panggenah
Paraga	tanduk	pasientif	panggenah

Dhata- dhata ing ndhuwur beda banget karo dhata TL kang wis diandharake sadurunge. Bedane, ing dhata tembung andhahan (TAn) iki wis ora wujud TL maneh, nanging TL kang wis kawuwuhan. Kaya dene ing dhata ndhuwur, tembung kang rumaket kelawan panambang {-e} sadurunge oleh wuwuhan {n-} saka TL golek dhata kuwi ing dhata oleh wuwuhan {n-} + {-e} saka TL nggolek.. Saka andharan ing dhata ing ndhuwur kuwi tembunge {+ake} owah dadi {-e}, Kang pungkasan.

konstituene, ing dhata ndhuwur ana papat, kang pusate ana ing wis ngongkon, dene konstituen pendhampinge yaiku aku, Firman, supaya nggolekake obat. dene ing dhata ndhuwur dadi konstituen pendhamping.

Adhedhasar wujud, tembung kang rinaket {-e} kasebut nduweni wujud tembung kriya. Adhedhasar gunane, dadi guna panggenah. Bab kasebut bisa dumadi jalaran ukarane iki dudu ukara tunggal, nanging ukara camboran. Kalungguhan kang ana ing dhata ndhuwur mung dadi panggenah.

Tembung Andhahan Tembung Kahanan + {-e}

Dhata-dhata ing ngisor iki bakal diandharake kanggo ngerteni wujud, guna lan kalungguhane. Dhata-dhata kasebut, adhedhasar saka jinise tembung andhahan tembung kahanan kang oleh panambang {-e}. Andharan ngenani tembung andhahan tembung kahanan iki kanggo mbandingake kelawan tembung lingga tembung kahanan. Kanthi kaya mangkono, bakal luwih jelas apa beda lan padhane antarane jinise tembung kasebut nalika oleh panambang lan ora. Kanggo luwih cethane, gatekna ukara-ukara ing ngisor iki.

Penggaweyane Rizal mung turu wae.

GSes	GKr
J	W
Faktor	kahanan

Padha karo andharan kasebut, ing TAn TKh iki uga TL kang wis oleh wuwuhan. Ing dhata ndhuwur saka TL gawe oleh {pa-} lan {-e}. konstituene ing dhata ndhuwur ana rong konstituen kang dadi punjere turu lan pendhampinge penggaweyane Rizal. Adhedhasar wujud, TAn TKh kang rinaket marang {-e} wujud tembung sesulih. Bab kasebut bisa dumadi jalaran saka sipate {-e} kang nuduhake kanggo nyulih paraga liya ing ukara. Dene adhedhasar gunane, ing dhata ing ndhuwur minangka guna jejer.

Adhedhasar wujud, TAn TKh kang rinaket marang {-e} wujud tembung sesulih. Bab kasebut bisa dumadi jalaran saka sipate {-e} kang nuduhake kanggo nyulih paraga liya ing ukara. Dene adhedhasar gunane, ing dhata ing ndhuwur minangka guna jejer. Adhedhasar kalungguhane, ing dhata ndhuwur manggon ana ing kalungguhan faktor..

Asil Panliten lan Dhiskusi

Asil panliten ditungkulake supaya bisa dingerteni kanthi gamblang apa olehe sajrone panliten ngenani imbag {-e}.

Adhedhasar andharan kasebut, sajrone panliten iki kasil nemokake asile panliten kang wujud adhedhasar wujud, guna lan kalungguhane tembung lingga apa dene tembung andhahan kang rinaket marang {-e}. Asile panliten kang kapisan yaiku adhedhasar TL TAr, tembung aran kang rinaket {-e} kasebut ora owah dadi wujud tembung sesulih. Ana owahe wujud kasebut jalaran adhedhasar sipate {-e} kanggo sesulih. Dene adhedhasar gunane, TSes kasebut minangka guna jejer kang kalungguhane pasientif, guna lesan kang kalungguhane pasientif, guna jejer kang kalungguhane faktor kanthi cathetan verbane ukara arupa TKh.

Kapindho, wujud TL TKr kang oleh {-e} owah dadi wujud TAr. TAr kasebut minangka guna jejer kang kalungguhane paraga lan faktor. Sakliyané iku, uga minangka guna lesan kang kalungguhane pasientif. Katelu, wujud TL TKh kang oleh {-e} owah dadi TAr. TAr kasebut minangka guna jejer, lesan lan panggenah. Dene kalungguhane, faktor, pasientif lan kahanan. Kaping papat, wujud TL TPg yaiku tembung panggandheng. Kanggo TL TPg iki mung ana ing ukara camboran. Mula wujud uga tembung panggandheng kang minangka guna panuduh kang kalungguhane panggenah lan syarat.

Adhedhasar tembung andhahan, asile panliten iki yaiku uga kaperang dadi telu TAn TAr, TAn TKr, lan TAn TKh. Kaping pisan, TAn TAr kang rinaket {-e} wujud owah dadi wujud TSes kang nduweni guna jejer lan kalungguhane minangka pasientif. Kaping pindho, TAn TKr kang rinaket {-e} wujud ora owah lan tetep dadi wujud TKr kang nduweni guna panggenah ana ing ukara camboran. Dene ing ukara tunggal manggon minangka kriya tanggap utawa kriya tanduk. Adhedhasar bab kasebut, TAr + {-e} kasebut dadi konstituen punjer. Kang kalungguhane panggenah. Senajan kaya mangkono,

uga ana kang dadi guna jejer lan kalungguhan pasientif. Pungkasan, TAn TKh kang oleh {-e} owah dadi TSe kang nduweni guna jejer lan kalungguhan faktor. Adhedhasar asile panliten, bisa kadudut yen ta wujud tembung ndayani anane guna, lan guna ndayani anane kalungguhan.

Page | 10

PANUTUP

Dudutan

Saka panliten ngenani rimbag {-e}, bisa diweruhi wujud, guna, lan kalungguhane rimbag {-e}. Dudutan kang bisa dijupuk saka asiling panliten iki yaiku kaya mangkene.

Wujude rimbag {-e} yaiku arupa tembung lingga lan tembung kahanan. Tembung lingga lan tembung andhahan kasebut diwujudkan sarana menahi wuwuhan tumrap panambang {-e}. Mula saka kuwi, wujud saka tembung lingga lan andhahan yaiku tembung lingga tembung aran + {-e}, tembung lingga tembung kriya + {-e}, tembung lingga tembung kahanan + {-e}, tembung lingga tembung panggawe. Ana ing tembung andhahan wujud tembung andhahan tembung aran, tembung andhahan tembung kriya, lan tembung andhahan tembung kahanan.

Guna kang bisa diiseni dening rimbag {-e} yaiku guna jejer lan lesan. Guna jejer yaiku bisa dadi pandhamping wasesa kang dadi punjere ana ing ukara, jejer minangka praboding ukara, kang diandharake, kang digunem, kang dicritakake kahanane, lan mobah mosike. Ing tembung kang mawa rimbag {-e} nang panliten iki arupa tembung lingga lan tembung andhahan. Ana ing tembung lingga yaiku tembung aran, kriya, kahanan, lan panggawe. ana ing tembung kahanan yaiku tembung aran, kriya, lan kahanan. Guna lesan yaiku bisa dadi pandhamping wasesa lan ana ing sisih tengene wasesa. Kalungguhane rimbag {-e} yaiku bisa nyandhang kalungguhan paraga, pasien, faktor, pesientif, alasan, syarat, tanduk, tanggap, lan panggenah.

Pamrayoga

Panliten ngenani wujud, guna, lan kalungguhane tembung kang mawa rimbag {-e} iki isih akeh kang durung diteliti kanthi cetha. Sawuse nлити ngenani rimbag {-e} iki diprayogakake nлити maneh kang luwih rowa ngenani tembung kang mawa rimbag {-e} yen perlu dibandingake nang {-ipun}. panliti iki kalebu panliten wiwitan kang isih kurang saka sampurna, mula panyaru saka sekabehane pawongan mligine para panliti lan para winasis bakal katampa suka rena.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaktis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.
- Antunsuhono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soejadi.
- Djawanai, Stephanus. 1984. "Morfosintaksis", dalam *Widyawara* No. 25. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

- Keraf, Gorys. 1984. *Tata Bahasa Indonesia*. Ende-Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 1986. "Perwujudan Fungsi dalam Struktur Bahasa" sajrone *Masyarakat Linguistik Indonesia*. No.7 Juni 1-14. Jakarta: Arcan.
- M.S. Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Morfologi*. Jakarta: PT Gramedia.
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Poedjosoedarmo, Soepomo, lkk. 1979. *Morfologi Bahasa jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Kebon Sirih 46.
- Purwadi, dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Ramlan, M. 1996. *Sintaksis*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sri Satriya Catur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Subagyo. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa* (durung diterbitake).
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto. 1991. *Diatesis Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra..
- Suwadji, dkk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan bahasa.
- Uhlenbeck, E. M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Djambatan.
- Verhaar, J. W. M. 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.

Skripsi:

- Wijayanti, Fitri. (2013). *Wujud, Guna, lan Kalungguhane Kriya Tanduk*. Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Unesa.